

## BAB V

### KACINDEKA JEUNG SARAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan jeung saran nu patali jeung panalungtikan nu geus dilaksanakeun nyaéta ngeunaan “Éféktivitas Média Gambar Séri pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngadongéng (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)”. Anapon pedaranana ieu di handap.

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan dina bab IV, kamampuh ngadongéng siswa kelas X di SMA Pasundan 2 Bandung nu teu maké jeung nu maké média gambar bisa dicindekeun ieu di handap.

- a. Kamampuh ngadongéng kelas nu teu ngagunakeun média gambar séri (X-2) tétéla masih kurang nyugemakeun, lantaran masih loba kénéh siswa nu can mampuh ngadongéng. Ieu hal dibuktikeun ku hasil rata-rata tés ngadongéng siswa nu masih kénéh handap, teu nyumponan kana KKM nyaéta 69,94. Dumasar kana aspék penilían ngadongéng, hasil rata-rata ngadongéng siswa dumasar kana aspék lafal nyaéta 71,28, aspék lentong nyaéta 70,63, aspék pamahaman eusi nyaéta 71,00, aspék éksprési nyaéta 68,69, aspék réngkak jeung peta nyaéta 69,66. Éta sababna rata-rata siswa asup kana katégori teu lulus atawa can mampuh ngadongéng.
- b. Kamampuh ngadongéng kelas nu ngagunakeun média gambar séri (X-3) tétéla leuwih punjul tibatan siswa nu teu ngagunakeun média gambar séri. Ieu hal dibuktikeun ku hasil rata-rata tés ngadongéng siswa nu geus mampuh ngaleuwihan KKM nyaéta 76,2. Dumasar kana aspék penilían ngadongéng, hasil rata-rata ngadongéng siswa dumasar kana aspék lafal nyaéta 78,5, aspék lentong nyaéta 77,9, aspék pamahaman eusi nyaéta 76,7, aspék éksprési nyaéta 73,5, aspék réngkak jeung peta nyaéta 74,0. Éta

sababna rata-rata siswa asup kana katégori lulus atawa geus mampu pikeun ngadongéng.

- c. Dumasar kana hasil uji hipotésis ngagunakeun uji t kalayan ngagunakeun taraf kaperaayaan 99%,  $t_{itung} 11,38 > t_{tabel} 2,39$ , hipotésis dina ieu panalungtikan téh ditarima. Hartina média gambar séri téh éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng tibatan teu ngagunakeun média gambar séri di siswa kelas X di SMA Pasundan 2 Bandung.

## 5.2 Saran

Sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan éféktifitas média gambar séri pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng di kelas X, aya sababaraha saran pieun sawatara pihak, hususna pikeun guru basa Sunda, nyaéta ieu di handap.

- a. Dumasar kana hasil panalungtikan, tétéla média gambar séri téh éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa, hususna dina kamampuh ngadongéng. Ku kituna, média gambar séri bisa jadi salasihiji alternatif guru pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran ngadongéng.
- b. Média gambar séri téh minangka salasihiji média pangajaran nu bisa ngarojong jeung ngaronjatkeun kamampuh ogé minat siswa kana pangajaran basa Sunda. Lian ti média gambar séri loba pisan média séjénna nu bisa ngarojong lumangsungna kagiatan diajar ngajar sangkan kagiatan diajar ngajar leuwih hirup jeung teu monoton. Ku kituna guru salaku anu ngajar kudu bisa motékar jeung bisa ngulik média séjénna pikeun ngahudang minat jeung kamampuh siswa dina pangajaran basa Sunda saluyu jeung matéri nu baris ditepikeun.
- c. Perlu diayakeun panalungtikan séjénna nu leuwih jembar ngeunaan média gambar séri nu bisa dilarapkeun kana pangajaran séjénna salian ti pangajaran ngadongéng.